



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 40,470 KAWO TÈ AGRIKÒL TE
PWOTEJE ATRAVÈ ETA NEW YORK**

***Etap enpòtan sa a mete aksan sou siksè ak fleksibilite pwogram pwoteksyon tè
agrikòl New York yo***

***Gen plis pase 43,300 kawo tè agrikòl sou apeprè 370 fèm ki pwoteje kont
devlopman alavni***

Bidjè egzekitif la pwopoze yon lòt 21 milyon dola pou pwochen faz pwogram lan

Pandan Semèn Latè a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York atenn yon etap enpòtan nan pwoteje tè agrikòl ki gen anpil valè ak ki an danje atravè pwogram Sibvansyon sou Aplikasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl (Farmland Protection Implementation Grant, FPIG) li a. Apati mwa sa a, pwogram FPIG la te ede prezève plis pase 40,470 kawo tè agrikòl New York atravè pwojè sèvitid konsèvasyon ki te konplete yo ki totalize plis pase 250 milyon dola sou apeprè 370 fèm. Etap sa a bati sou lejislasyon Gouvènè a te siyen ane pase a ki te fikse objektif pou sipòte ak kontribiye nan efò nasyonal pou konsève omwen 30 pousan tè ak dlo Etazini jiska 2030.

"Sipòte agrikiltè New York yo kòmanse nan pwoteje tè agrikòl yo itilize pou nourri kominote yo atravè eta a," **Gouvènè** Hochul te deklare. "Atravè Pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl New York la, n ap konsève tè k ap bay Nouyòkè yo sekirite alimantè jodi a epi ranfòse jenerasyon agrikiltè alavni yo. Administrasyon mwen an angaje pou l kontinye adrese bezwen kiltivatè New York yo epi asire dirabilite alontèm endistri agrikòl nou an".

Anons jodi a te fèt pa Komisè Agrikilti Eta a Richard Ball ansanm ak patnè agrikòl yo ak ofisyèl lokal yo nan Mulligan Farm, yon fèm pwodui letye katriyèm jenerasyon nan Avon, Konte Livingston, ak premye fèm ki te itilize pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl nan Livingston. Konte. Depatman Agrikilti ak Mache yo te bay Mulligan Farm 1.3 milyon dola an 2008 ak 1.5 milyon dola an 2021 atravè pwogram FPIG la, ki te lakòz sèt sèvitid konsèvasyon, ki te pwoteje yon total 728 kawo tè nan Avon, Konte Livingston ak Rush, Konte Monroe pou devlopman alavni. Sèvitid konsèvasyon yo te konplete avèk asistans Genesee Valley Conservancy. Mulligan Farm se te premye sèvitid konsèvasyon Genesee Valley Conservancy ki te konplete epi li se youn nan pi resan yo tou.

Nan Konte Livingston, Monroe ak Wyoming sèlman, yo te pwoteje 7588 kawo tè atravè 19 fèm atravè pwogram FPIG ak patenarya Genesee Valley Conservancy. Yon lòt 4452 kawo tè nan tè pwoteje a annatant. Jiskaprezan, yon total 55 milyon dola nan sibvansyon nan pwogram nan te envesti oswa angaje nan zòn nan.

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache a, Richard Ball, te deklare, "Siksè Mulligan Farm ak patenarya avèk Genesee Valley Conservancy se jis youn nan anpil, anpil bèl istwa nou dwe rakonte lè sa gen pou wè ak pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl nou an. Prèske 370 fèm atravè eta a ap kontinye opere, pou bay kominote nou yo manje fre, ki an sante, epi pou kontribiyè nan ekonomi nou an, gras a siksè pwogram nan. Mwen fyè de travay nou te fè, an patenarya ak fidisi fonsyè nou yo ak konsèvasyon tè nou yo, pou rive nan etap enpòtan sa a epi mwen pare pou m atake pwochen 40,470 kawo tè yo".

Apeprè 20 pousan nan zòn tè Eta New York la, oswa prèske 3 milyon kawo tè, se tè agrikòl. Pwogram Sibvansyon Pwoteksyon Tè Agrikòl Depatman an bay asistans finansyè pou konte, minisipalite, distri konsèvasyon sòl ak dlo, ak fidisi fonsyè yo pou pèmèt yo mete anplas aktivite pwoteksyon tè agrikòl ki konfòm avèk plan pwoteksyon tè agrikòl ak agrikilti lokal yo. Aktivite ki pi souvan finansè se acha dwa devlopman nan fèm endividyèl yo. Men, pwogram nan kapab bay finansman tou pou fidisi fonsyè ak konsèvasyon tè pou pèmèt lòt aktivite mizannè, tankou amandman nan lwa lokal yo ki afekte agrikilti, akò opsyon, epi kouvri depans tranzaksyon sèvitid konsèvasyon agrikòl yo bay yo.

Nan pifò dènye faz pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl Eta a, Faz 18, [Gouvènè Hochul te anonse a](#), gen ajisteman esansyèl ki te fèt nan elijibilite ak objektif pwogram nan. Premye fwa depi toujou, pwojè yo resevwa sibvansyon dapre priorite Eta yo, ki enkli sekirite alimantè, rezistans klimatik, ak pwoteksyon sous dlo. Anplis, kritè elijibilite pou pwogram lan te elaji pou antre sektè agwoforestasyon, ekin, ak ven, ki reflekte divèsite sektè agrikòl New York la. Anvan sa, Eta a te lanse tou Inisyativ Pwoteksyon Tè Agrikòl avèk Tranzisyon nan Pwodui Letye pou bay opòtinite pou divèsifye operasyon oswa fè tranzisyon fèm yo nan pwochen jenerasyon an nan yon pri ki pi abòdab pandan ke n ap asire ke tè yo rete a jamè itilize pou objektif agrikòl yo. Anplis de sa, Eta a te lanse tou Inisyativ Pwoteksyon Tè Agrikòl Pou Operasyon Fèm nan Tranzisyon pou bay lòt kalite operasyon agrikòl - sa yo ki te gen politik komès oswa efè chanjman klimatik ki te afekte yo - menm opòtinite pou divèsifye oswa transfere pwopriyete bay pwochen jenerasyon an.

Bidjè Egzekitif Gouvènè a pwopoze pou kontinye finansè pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl la nan 21 milyon dola, atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman an.

Senatè Eta Michele Hinchey te deklare, "Avèk kriz klimatik la k ap chanje figi agrikilti jan nou konnen l, li enpòtan anpil pou New York kontinye pwoteje tè agrikòl lokal yo epi asire yon rezèv manje ki estab pou rejyon nou an. Pwogram Sibvansyon sou Aplikasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl la se yon investisman ekselan, epi mwen kontan wè New York rive nan etap enpòtan sa a nan pwoteje tè agrikòl ki gen risk yo. Mwen

remèsye Gouvènè Hochul, Agrikilti ak Mache yo, ak tout patnè lokal nou yo atravè Eta New York paske yo paske yo priyore prezèvasyon tè agrikòl yo".

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Pwogram Pwoteksyon Tè Agrikòl New York la kenbe tè agrikòl yo an pwodiksyon epi ede kenbe agrikiltè yo sou tè a. Etap enpòtan sa a pou pwoteje plis pase 40,470 akwo tè mete aksan sou valè nou bay ekonomi agrikòl New York la. Efò sa a kounye a sipòte lòt objektif kle tankou sekirite manje, rezistans a klima, ak pwoteksyon dlo, rekonèt wòl enpòtan kiltivatè yo jwe nan jèrans anviwònman an".

Benjamin Gajewski, Direktè Egzekitif, Genesee Valley Conservancy, te deklare, "Pwogram Sibvansyon sou Aplikasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl Eta a rann li posib pou nou pwoteje kèk nan pi bon tè agrikòl ki pi pwodiktif nan Genesee Valley. Atenn 40,470 kawo tè ki pwoteje se yon gwo etap enpòtan pou Eta New York, men gen plis tojou pou nou fè. Gen yon pakèt menas sou tè lokal nou yo; pwogram pwoteksyon tè agrikòl la ap ba nou yon chans pou asire kominote nou yo gen aksè a tè pwodiktif ki nesèsè pou sipòte agrikilti lokal ak pwodiksyon manje jodi a ak alavni".

Direktè Politik American Farmland Trust, Mikaela Perry, te deklare, "American Farmland Trust selebre etap enpòtan New York pou pwoteje plis pase 40,470 kawo tè agrikòl New York ki pa ranplasab, plis pase 50 pousan ladan yo enpòtan nan nivo nasyonal, kòm yon gwo viktwa pou avni agrikilti eta nou an ak pou tout moun ki jwi manje lokal ak fib, tè amelyore, kalite lè ak dlo, ak ekonomi lokal solid. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a, Depatman Agrikilti ak Mache yo, fidisi fonsyè New York ak kiltivatè yo ki te pran angajman sa a pou konsève tè agrikòl yo pou jenerasyon k ap vini yo".

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Pwoteksyon tè agrikòl enpòtan anpil pou asire siksè kontinyèl agrikilti ak sekirite alimantè nan Eta New York. Pwogram pwoteksyon tè agrikòl eta nou an pa gen parèy nan misyon li epi pwoteje 40,470 kawo tè agrikòl se vrèman yon etap enpòtan pou anviwònman an. Mwen pa ka tann pou m wè yon lòt 40,470 kawo tè ki pwoteje alavni".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)